


Date Printed: 04/20/2009

JTS Box Number: IFES_64
Tab Number: 108
Document Title: Eleksyon 95
Document Date: 1995
Document Country: Haiti
Document Language: Creole
IFES ID: CE00827



* 4 8 1 2 F 3 2 9 - 7 0 4 F - 4 3 F 9 - A 1 4 0 - E A 9 F 5 D 1 4 6 1 0 7 *

ELEKSYON

95



LEVE KANPE POU NOU VOTE!

2 SENATÈ

Manm pouvwa lejislatif, li la pou:

- Vote lwa
- Voye je sou fonksyonman gouvènman an
- Ratifye akò entènasyonal peyi a siyen
- Pwopoze bay prezidan jij pou kou kasasyon
- Ratifye chwa kòmandan lame a
- Vin yon gwo tribunal lè gen gwo akizasyon ki tonbe sou do premye minis la, prezidan an, konsey elektoral pèmanan an ou lòt gwo chèf nan pouvwa leta.



1 DEPITE

- Li la pou vote lwa
- Voye je sou gouvnèman
- Vote bidjè
- Ratifye chwa premye minis Ratifye akò entènasyonal.



3 MAJISTRA

- Yo eli pou 4 an
- Yo se sitwayen yon komin
- Yo voye je sou tout sak kap fèt an dedan komin ni yan.



3 MANM KAZÈK

- Yo administre seksyon kominal
- Yo responsab devlopman nan zòn yo.



LIS TOUT BIWO KI ANDEDAN KEP LA

1) **KÈP**

Konsey Elektoral Pwovizwa

- o Li genyen ladani 9 manm responsab òganizasyon ak sipèvizyon eleksyon

2) **BÈD**

Biwo elektoral depatmantal

- o Li genyen ladani 3 manm.
- o Li reprezante KÈP la nan chak chèfliye depatman.

3) **BÈK**

Biwo Elektoral Kominal

- o Li genyen ladani 3 manm.
- o Li depann de BÈD la.
- o Li regle travay administratif e exekitif.
- o Genyen yon BÈD nan chak komin tout sikonskripsyon depatmantal.

4) **BIV**

Biwo enskripsiyon ak vòt

- o Li genyen ladani 5 anplwaye KÈP.

**SA POU FÈ
ANVAN
JOU ELEKSYON AN VINI**

- 1) Enskri non ou nan lís elektoral ki bò lakay ou oswa ki pi pre pati politik ou.
- 2) Fòk ou te enskri non ou nan lís elektoral la.
- 3) Pa blye vini ak kat elektè ou.

